दिन—शनिवार                                                                 दिनांक—08.04.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ                                                       अवधिः—05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि जे सरकार एहेन गतिशील व्यवस्था बनेबा पर ध्यान देब जारी राखत जतऽ प्रत्येक आकांक्षी उद्यमी के ऋण सुविधा उपलब्ध हुअए आ ओ विश्वासक संग आगां बढि सकय। प्रधानमंत्री मुद्रा योजनाक दसम वर्षगांठक अवसर पर श्री मोदी आइ एहि योजनाक लाभार्थी सभक संग गपशप कयलनि। ओ कहलनि जे मुद्रा योजना असंख्य लोक सभ के अपन उद्यमिता कौशल देखेबाक अवसर उपलब्ध करौलक अछि। एहि योजनाक अंतर्गत देशभरि मे बिना कोनो गारंटी के तैंतीस लाख करोड़ टाकाक ऋण उपलब्ध कराओल गेल अछि।

---

प्रदेश मे सत्ताईस हजार तीन सय सत्तरि नव पद पर नियुक्ति होयत। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार अध्यक्षता मे राज्य मंत्रिमंडलक भेल बैसक मे एहि आशयक प्रस्ताव के स्वीकृति देल गेल। बैसकक बाद कैबिनेट विभागक अपर मुख्य सचिव डॉक्टर एस. सिद्धार्थ जनौललि जे सभ सँ बेसी बीस हजार बावन पद पर स्वास्थ्य विभाग मे नियुक्ति होयत। ओ जनौलनि जे कृषि विभाग मे दू हजार पाँच सय नब्बे आ मद्य निषेध विभाग मे अड़तालीस पद पर नियुक्ति कयल जायत। एकर अलावा सहायक उर्दू अनुवादक के तीन हजार तीन सय छओ पद पर सेहो नियुक्ति कयल जायत। डॉक्टर सिद्धार्थ जनौलनि जे कैबिनेट बिहार शिक्षा प्रशासन संवर्ग नियमावली दू हजार पच्चीस के मंजूरी देलक अछि। एकर अंतर्गत सहायक शिक्षा विकास पदाधिकारी आ शिक्षा विकास पदाधिकारीक नव पद के सृजन कयल गेल अछि। अपर मुख्य सचिव जनौलनि जे कैबिनेट राज्य मंत्री आ उपमंत्रीक वेतन आ भत्ता सभ मे वृद्धि कयलक अछि। आब हुनका पचास हजार टाकाक जगह पैंसठि हजार टाका प्रतिमास दरमाहा भेटत। एकर अतिरिक्त क्षेत्रीय भत्ता पचपन हजार टाका सँ बढा कऽ सत्तरि हजार टाका आ दैनिक भत्ता तीन हजार टाका सँ बढा कऽ तीन हजार पाँच सय टाका कऽ देल गेल अछि।

———————————————————————————

प्रदेश मे आइ सँ पोषण पखवाड़ाक प्रारंभ भेल। ई पखवाड़ा सभ आंगनवाड़ी केन्द्र, बाल वाटिका आ आन स्वास्थ्य संस्थान सभ मे मनाओल जा रहल अछि। एहि पखवाड़ाक उद्‌देश्य जन भागीदारीक माध्यम सँ पोषणक महत्त्वक संबंध मे जागरूकता बढ़ायब आ खएबाक स्वस्थ्य आदत सभ के बढ़ावा देब अछि। हमर संवाददाता जनौलनि जे राज्य सरकार बच्चा, किशोरी, महिला आ गर्भवती महिला सभ मे कुपोषण सँ संबंधित समस्या सभ के बहुत हद तक हल कयलक अछि। किचन गार्डन, पोषक अनाज, नियमित निगरानी आ आन कतेको हस्तक्षेपक परिणाम काफी सकारात्मक परिणाम प्राप्त भेल अछि।

———————————————————————————

भारतीय पुलिस सेवाक पूर्व अधिकारी शिवदीप लांडे हिन्द सेना नाम सँ नव राजनीतिक दलक गठनक घोषणा कयलनि अछि। आइ पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे ओ कहलनि जे आगामी बिहार विधानसभा चुनाव मे हुनक पार्टी सभ दू सय तैंतालीस सीट पर अपन उम्मीदवार देत।

———————————————————————————

मुजफ्फरपुर जिलाक बोचहां थाना क्षेत्रक बाजिदपुर मझौली मे दू पक्षक मध्य भेल विवाद के सोझरयबाक लेल पहुंचल पुलिस टीम पर असामाजिक तत्व सभ हमला कऽ देलक। एहि हमला मे एक दारोगा सहित चारि पुलिसकर्मी घायल भऽ गेलाह। पुलिस हमलाक आरोप मे तीन लोक सभ के गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————————

प्रदेश भाजपा अध्यक्ष डॉक्टर दिलीप जायसवाल के हाउस गार्डक संदिग्ध परिस्थिति मे मृत्यु भऽ गेल। एसडीपीओ अन्नू कुमार जनौलनि जे मृतक के माथ मे गोली लागल अदि। प्रथम दृष्टया ई आत्महत्याक मामिला बुजाइत अछि। ओ कहलनि जे पोस्टमार्टम रिपोर्ट अएबाक बादहि मृत्यु कारण पता चलि सकत।

———————————————————————————

मौसम विभाग अगिला चौबीस घंटाक दरमियान सुपौल, अररिया, किशनगंज, मधेपुरा, सहरसा, पूर्णियां आ कटिहार जिला में हल्का वर्षाक संभावना जतौलक अछि। एहि दरमियान तीस सँ चालीस किलोमीटर प्रतिघंटाक गति सँ तेज हवा चलबाक पूर्वानुमान अछि। संगहि किछु स्थान पर वज्रपातक सेहो आशंका जताओल गेल अछि।

———————————————————————

वैशाली जिलाक महिषौर थाना क्षेत्रक पंसला चौक लऽग एक अनियंत्रित ट्रकक चपेट मे अयबा सँ कार सवार चारि महिलाक मृत्यु भऽ गेल। दुर्घटना मे तीन आन घायल भऽ गेलाह।

———————————————————————

निगरानी जाँच ब्यूरोक टीम सुपौल जिलाक वीरपुर अनुमंडल पुलिस पदाधिकारीक रीडर मिट्ठु कुमार के एक केस के पैरवीक एवज मे तीस हजार टाका घूस लैत गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————

किशनगंज रेलवे स्टेशन पर आरपीएफक टीम बाल तस्करीक लेल लऽ जायल जा रहल छओ नाबालिग के मुक्त करौलक अछि। एहि सभ बच्चा के अहमदाबाद लऽ जायल जा रहल छल।

———————————————————————

समाप्त